



The University of the State of New York • The State Education Department

# Enfòmasyon pou paran Nouyòk

## LEKÒL KI BEZWEN AMELYORE

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan feyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran konnen.

Tout timoun gen dwa pou yo resevwa bon kalite edikasyon ki ba yo ladrès ak konesans y ap bezwen pou yo gen siksè nan lemond. Dapre NCLB, Depatman Edikasyon eta Nouyòk la dwe asire yo chak lekòl ap ede elèv li yo fè pwogrè akademik.

### Tout lekòl yo dwe fè pwogrè apwopriye chak ane.

Dapre lwa NCLB, chak eta dwe tabli estanda akademik ki wo ak objektif anyèl nan domèn akademik. Disi 2014, lalwa mande pou tout timoun dwe travay nan nivo ki apwopriye a nan lekti, kominikasyon, matematik ak syans. **Pwogrè apwopriye chak ane (AYP ann angle)** se nivo rannman akademik minimòm distrik eskolè yo dwe fè chak ane pou yo reyalize abjektif sa a.

Lekòl ki resevwa lajan Title I ki pa rive fè pwogrè apwopriye pou **de ane afile** nan menm matyè akademik la ak nan menm nivo eskolè a ap antre nan kategori lekòl **ki bezwen amelyore**.

Lekòl Title I ki bezwen amelyore dwe devlope yon plan epi yo dwe fè paran yo patisipe nan plan an. Depatman Edikasyon eta Nouyòk ak distrik eskolè lokal la, oubyen lekòl “chatè” a ap ede lekòl la amelyore kalite enstriksyon an epi l ap fè lekòl la jwenn resous.

## Lekòl pitit ou a dwe fè w konnen si lekòl la bezwen amelyore.

Yo dwe ba w enfòmasyon sa a nan lang ou konprann lan.

Lekòl la dwe di w:

- pou ki sa lekòl la bezwen amelyore,
- ki plan lekòl la genyen pou li amelyore, kouman plan an pral ede elèv yo bay plis rannman,
- ki sa Depatman Edikasyon eta Nouyòk ak distrik eskolè lokal la (se lekòl Chatè yo ki gen responsablite pou yo ba w enfòmasyon sa a sou lekòl Chatè yo se pa distrik eskolè yo) ap fè pou yo ede lekòl pitit ou a, ak
- kilès ki kapab reponn kesyon ou yo sou lekòl ki bezwen amelyore.

Lè yon lekòl ki bezwen amelyore fè pwogrè pandan de ane alife, yo pa konsidere l kòm yon lekòl ki bezwen amelyore ankò.

## Si lekòl pitit ou a resevwa lajan Title I epi li bezwen amelyore, ou kapab genyen nouvo chwa.

- Pitit ou a kapab transfere nan yon lekòl ki pi bon nan distrik eskolè ou a (**chwa lekòl piblik**) si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I epi li bezwen amelyore.
- Pitit ou a kapab resevwa èd anplis, yo rele èd sa a **sèvis edikasyon siplemantè**, si lekòl li a se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore pandan enn an epi li pa fè pwogrè ki apwopriye pou ane a.

## Lekòl ki kontinye echwe yo dwe pran mezi pou yo fè chanjman.

Si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I epi li pa rive fè pwogrè anyèl ki apwopriye pou yon dezyèm ane apre yo te fin idantifye l kòm yon lekòl ki bezwen amelyore, distrik eskolè a oubyen konsèy administrasyon lekòl "Chatè" a ap ede lekòl la fè chanjman, tankou:

- chanje pwofesè yo,
- chanje kourikoulòm lan, pwogram devlopman pwofesyonèl pou tout pwofesè ki konsène yo
- chèche èd espè nan edikasyon,
- alonje jounen lekòl la oubyen ane lekòl la, oubyen
- chanje jan lekòl la opere (reoganize jan yo administre lekòl la)

Nan tablo sa a, yo montre diferan mezi lekòl yo ak distrik yo dwe pran pou yo asire yo lekòl yo ap fonksyone nan nivo estanda akademik ki wo

Ane	"AYP"	Wòl eta a ak Distrik la	Wòl lekòl la	Chwa paran
Ane 1	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a	Distrik you bay, sipò pou lekò yo kapab emelyore	Lekòl yo dwe travay pou yo bay plis ranman	Paran yo kapalo travay ak ekip ki nan lekòlla pou yo amelyore ranmanon
Ane 2	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a	NYSED idantifye lekòl la kòm lekòl ki bezwen amelyore	Lekòl la ekri yon plan pou amelyorasyon	Yo fè paran yo konnen sitiyaasyon lekòl la ak chwa li genyen pou yon lòt lekòl
Ane 3	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a	Lekòl la toujou bezwen amelyore	Lekòl la fè pwogrè nan atenn objektif amelyorasyon yo	Toujou gen opsyon pou transfè, elèv yo kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè
Ane 4	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a	Lekòl la toujou bezwen amelyore epi li bezwen mezi pou korije sitiyaasyon an	Lekòl la fè pwogrè nan atenn objektif amelyorasyon yo	Toujou gen opsyon pou transfè, elèv yo kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè
Ane 5	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a epi li bezwen mezi pou korije sitiyaasyon an	Distrik la dwe pran plis mezi pou korije sitiyaasyon an	Lekòl la fè pwogrè nan atenn objektif amelyorasyon yo	Toujou gen opsyon pou transfè, elèv yo kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè
Ane 6	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane epi li bezwen mezi pou korije sitiyaasyon an	Distrik la dwe fè yon plan administrasyon altènatif	Lekòl la fè pwogrè nan atenn objektif amelyorasyon yo	Toujou gen opsyon pou transfè, elèv yo kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè
Ane 7	Pa fè pwogrè apwopriye pou ane a: lekòl lo apgenyen yon plan administrasyon altènatif	Distrik la dwe mete plan administrasyon altènatif la ann aplikasyon	Lekòl la fè pwogrè nan atenn objektif amelyorasyon yo	Toujou gen opsyon pou transfè, elèv yo kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè

## Kouman ou kapab konnen si lekòl pitit ou a bezwen amelyore

- Mande pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la, oubyen yon manm nan òganizasyon paran an pou yo ba w yon kopi kanè lekòl la oubyen li kanè lekòl pitit ou a sou sit Depatman Edikasyon eta Nouyòk  
[<http://www.emsc.nysed.gov/repcrd2002/home.html>]
- Li lis lekòl ki bezwen amelyore yo sou sit Depatman Edikasyon eta Nouyòk  
[[http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclb\\_home.htm](http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclb_home.htm)] (Ale nan kolòn ki agoch laki sou “lekòl ki bezwen amelyore”).
- Antre nan ekip k ap travay pou yo amelyore lekòl pitit ou a.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele “okenn timoun pa rete dèyè” (No Child Left Behind, ann angle). Seksyon 1111 (b) (2) nan “No Child Left Behind” kouvri “pwogrè apwopriye chak ane;” Seksyon 1116 (b) kouvri “lekòl ki bezwen amelyore”. Si ou bezwen lòt feyè “...Enfòmasyon”, mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la [nclbnys@mail.nysed.gov](mailto:nclbnys@mail.nysed.gov) oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.

12/02/03

HC SIN  
page 4